

Kòman pou ou Fakse yon dokiman (Fax)

Pou ou fakse yon dokiman ale nan machin eskanè ki nan bibliyotèk la. Si ou ta renmen chanje lang ki nan machin lan, ou kapab fè sa lè ou peze sou bouton "Language" ki anba adwat nan ekran an. Lè ou pare pou kòmanse, peze bouton « Press to Start » ki nan mitan ekran an.

Kounyea, seleksyone ki eskanè ou vle itilize. Apresa peze bouton "Next". Koulye ou kapab chwazi ki sa ou vle fè. Seleksyone "Scan to fax" ki sitye anba adwat nan lis la, answit peze "Next". Yon ekran rekonesans dwa otè(copyright) ap parèt. Si ou dakò ak kondisyon yo, peze bouton "Accept".

Après, yo pral mande w pou seksyone: si faks la pral nan peyi Etazini/Kanada oswa entènasyonal, si ou vle yon paj kouvèti sou faks la, epi si ou gen yon adrès imel pou resevwa yon konfimasyon. Lè ou fini chwazi opsyon yo, peze bouton "Next".

Kounyea a sou paj eskanè a. Asire w ke dokiman ou yo nan eskanè ke ou te chwazi a epi peze bouton vèt "Scan". Lè tout dokiman ou yo fin eskane peze bouton "Next". Kounye a ou antre sou paj kouvèti a si ou te chwazi li oswa adrès imel ou si ou te chwazi opsyon konfimasyon. Lè ou fini antre enfòmasyon, peze bouton "Next". Kounyea ou kapab antre nimewo faks w ap voye dokiman yo. Faks la pral voye dokiman yo kounye a epi w ap resevwa yon imel konfimasyon.

1. Chanje lang nan ekran eskanè a anba adwat si sa nesèsè, peze nan mitan ekran "Press to Start"
2. Chwazi ki eskanè ou vle itilize
3. Chwazi "Scan-to-Fax" anba a dwat nan ekran an
4. Aksepte rekonesans dwa otè a(copyright)
5. Seleksyone opsyon faks yo
6. Mete dokiman yo nan eskanè epi peze bouton vèt "Scan".
7. Antre enfòmasyon paj kouvèti / adrès imel ou si ou te chwazi opsyon sa yo
8. Antre nimewo faks la epi voye dokiman an ale